



# Règleman Chanselye a

---

Kategori : ELÈV YO  
Osijè : Tradiksyon

Nimewo : **A-663**  
Paj : 1 - 1  
Pibliye : 2 NOVANM 2007

## **REZIME CHANJMAN YO**

Chanjman yo:

Nou modifye règleman sa a pou :

- li ka endike fason Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) òganize kounye a, ak pou
- mete adrès sit entènèt pou jwenn kopi ann anglè ak kopi tou tradui “Pwopozisyon lwa sou dwa ak responsablite paran”, ak avi pou fè konnen nou gen sèvis tradiksyon/entèpretasyon aladispozisyon moun.



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO  
Osijè : Tradiksyon

Nimewo : A-663  
Paj : 1- 4  
Pibliye : 2 NOVANM 2007

## REZIME

Règleman sa a vin ranplase Règleman Chanselye A-663 ki date 7 jen 2006. Li tabli pwosedi pou garanti paran\* ki pa pale angle byen *Limited English Speaking* jwenn opòtinite pou patisipe toutbon nan pwogram ak sèvis ki enpòtan pou edikasyon pitit yo.

## I. DEFINISYON

Definisyon nou tabli an fonksyon Règleman sa a :

- A. Lè nou di espresyon “lang pou ki nou ofri sèvis” nou aplike espresyon sa a pou uit (8) lang natifnatal Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) idantifye kòm lang moun k ap viv nan Nouyòk plis pale apa angle.
- B. Lang natifnatal : se yon lang Depatman Edikasyon detèmine paran oswa responsab legal elèv la pale lakay li.
- C. Entèpretasyon : se aksyon ki fèt pou tabli kominikasyon kouramman ant yon moun ki pale angle ak yon moun ki pale de oswa plis lang nou bay sèvis pou yo a, alòske yon entèprèt transmèt mesaj yon moun aloral ba lòt moun yo nan lang moun yo konprann.
- D. Tradiksyon : se transmèt alekri mesaj yon moun ki pale angle ba yon moun ki pale de oswa plizyè lang nou bay sèvis pou yo a, alòske yon tradiktè transmèt mesaj la alekri ba lòt moun lan nan yon lòt lang.
- E. Sèvis pou ede moun kominike nan yon lòt lang vle di : sèvis entèpretasyon oswa tradiksyon angle an youn nan lòt lang nou bay sèvis pou yo a.

## II. DETÈMINASYON LANG NATIFNATAL

- A. Lekòl yo dwe detèmine lang natifnatal paran chak elèv pale lakay li, epi lè lang sa a pa angle, si paran an bezwen èd pou kominike kòm sa dwa nan yon lòt lang ak Depatman an, nan espas 30 (trant) jou apati dat enskripsyon yon elèv nan lekòl (oswa pou elèv ki deja enskri, disi yon dat presi dapre yon pwosedi Biwo pou ansèyman ak aprantisaj la detèmine).
- B. Lekòl la dwe kenbe yon dosye apwopriye, e ajou sou lang natifnatal chak paran pale lakay li. Yo dwe konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm elektwonik ki gen enfòmasyon akademik chak elèv *Automate the Schools* (ATS), epitou sou kat ijans elèv la *emergency card*.

## III. OBLIGASYON POU OFRI SÈVIS POU EDE MOUN KOMINIKE NAN YON LANG

- A. Chak lekòl ak chak biwo dwe, pou aplike Règleman sa a, ofri paran ki bezwen pou yo ede yo kominike nan yon lòt lang sèvis tradiksyon ak entèpretasyon pou yo sa kominike kòm sadwa ak Depatman an.

\* Tout lè nou itilize mo “paran” nan Règleman sa a, li vle di paran oswa gadyen legal elèv la, oswa nenpòt moun ki paran oswa moun ki responsab elèv la, oswa elèv la limenm, si l se yon timoun ki pa sou responsablite paran oswa si l deja gen laj 18 ane.



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO  
Osijè : Tradiksyon

Nimewo : A-663  
Paj : 2 - 4  
Pibliye : 2 NOVANM 2007

- B. Depatman an dwe ofri plis sèvis tradiksyon ak entèpretasyon pase sa yo dekri nan Règleman sa a.
- C. Paran yo ka depann de yon granmoun oswa yon paran pou ede yo kominike nan yon lang oswa pou sèvis entèpretasyon si yo pi pito.

## IV. EVALYASYON LEKÒL LA POU DETÈMINE KIJAN POU EDE YON MOUN KOMINIKE NAN YON LANG

- A. Chak lekòl dwe konsidere nan Pwojè edikasyon entegral *Comprehensive Education Plan* (CEP) li :
  - Nan ki pwen l ap gen pou ede moun kominike nan yon lang pou respekte egzijans Règleman sa a, pa egzanp li dwe :
    - a. bay dokiman tradwi alè grasa dokiman yo genyen deja ki tou tradwi, oswa pa lentèmedyè Divizyon pou Tradiksyon ak Entèpretasyon an.
    - b. ofri sèvis entèpretasyon alè nan reyinyon pou gwoup oswa pou yon sèl moun dèke yo mande, lè sèvis sa yo nesèsè, pou paran ka kominike ak Depatman an osijè enfòmasyon pou edikasyon pitit yo.
      - i. Kouman li pral fè pou l ofri èd sa yo;
      - ii. Ki resous li pral mete anplas pou satisfè bezwen sa yo; epi
      - iii. Respekte “egzijans pou voye avi” ki tabli nan Seksyon (VII) pi ba a.

## V. KONDISYON POU FÈ TRADIKSYON

- A. Enfòmasyon enpòtan ki soti nan Biwo santral
  - 1. Biwo santral yo dwe idantifye dokiman ki pibliye oswa ki sou sit wèb pou tout paran yo oswa pou pifò ladan yo ki nan vil la , ki gen enfòmasyon enpòtan sou edikasyon pitit yo tankou, men se pa sèlman sa :
    - a. enskripsyon, fòm aplikasyon, ak chwa lekòl pou yo fè;
    - b. mo yo itilize ofisyèlman e nivo pèfòmans (tankou mo yo mete regilyèman nan kanè lekòl yo);
    - c. kondwit, sekirite ak disiplin;
    - d. edikasyon espesyal ak sèvis ki mache ak edikasyon espesyal; epi
    - e. transfè e ranvwa.
  - 2. Biwo Tradiksyon ak Entèpretasyon an dwe (a) tradwi dokiman enpòtan sa yo alè, nan chak lang natifnatal pou ki li bay sèvis yo epi, (b) travay ak biwo ki responsab pou kominikasyon enpòtan an pou mete tradiksyon sa yo adispozisyon lekòl yo.
- B. Dokiman enpòtan patikilyèman pou elèv  
Lekòl yo dwe founi paran ki gen pou lang natifnatal youn nan lang pou ki nou ofri sèvis yo, tradiksyon tout dokiman ki gen enfòmasyon pèsònèl patikilye sou yon elèv tankou, men se pa sèlman sa :
  - a. sante;
  - b. sekirite;
  - c. zafè ki gen pou wè ak lalwa oswa disiplin; ak



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO  
Osijè : Tradiksyon

Nimewo : A-663  
Paj : 3 - 4  
Pibliye : 2 NOVANM 2007

d. dwa yon elèv genyen a edikasyon leta oswa klasman nan yon pwogram pou edikasyon espesyal, nan yon pwogram pou moun k ap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL) oswa nan yon pwogram akademik ki pa ofisyèl; epi

C. Kisa ki ka fèt lè yo pa ka ofri sèvis tradiksyon

Lè Divizyon Tradiksyon ak Entèpretasyon an, yon lekòl, oswa yon biwo pa kapab bay tradiksyon yon dokiman enpòtan nan youn nan lang pou ki nou ofri sèvis yo, li dwe voye, anplis tout lòt ed li bay, yon lèt oswa yon avi apa dokiman angle a nan lang pou ki yo te mande sèvis nou ofri yo, ki endike kouman yon paran ka mande pou yo tradwi oswa entèprete dokiman sa a gratis.

## VI. SÈVIS ENTÈPRETASYON

A. Depatman an dwe ofri sèvis entèpretasyon omaksimòm nan limit bidjè yo detèmine pou sèvis sa yo pandan lè regilye travay, pou paran ki pale youn nan lang natifnatal pou ki li ofri sèvis yo, e ki mande sèvis sa yo pou kominike ak Depatman an osijè enfòmasyon enpòtan pou edikasyon pitit yo.

B. Si sèvis sa yo disponib, yo kabap ofri sèvis entèpretasyon yo swa kote paran an ap chèche pale a oswa pa telefòn.

C. Biwo Tradiksyon ak Entèpretasyon Depatman an pral ofri sèvis entèpretasyon pandan reyinyon sila yo k ap fèt nan tout vil la :

1. Reyinyon Panèl pou Règleman sou Edikasyon *Panel for Educational Policy* (PEP);
2. Reyinyon k ap fèt nan tout vil la pou paran ELL yo;
3. Reyinyon Konsèy Edikasyon minisipal e Konsèy edikasyon kominotè *Citywide/Community Education Council* (CCEC); epi
4. Lòt reyinyon Biwo santral yo ap òganize pou paran nan tout vil la.

Yo dwe ofri sèvis entèpretasyon nan kèlkeswa lang natifnatal nou ofri sèvis pou yo a Depatman an atann aske moun k ap patisipe nan reyinyon sa yo oswa nan aktivite sa yo, ka pale kòm lang natifnatal.

## VII. EGZIJANS POU VOYE AVI

A. Lekòl yo, biwo yo responsab pou voye ba chak paran ki pale lang natifnatal nou ofri sèvis pou yo a, e ki egzije sèvis entèpretasyon, yon kopi Pwopozisyon lwa sou dwa ak responsablite paran ki gen ladan l dwa yo genyen pou yo jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon nan lang natifnatal yo. Gen kopi tou tradwi dokiman sa a pou lang nou ofri sèvis yo sou: <http://schools.nyc.gov/Parents/NewsInformation/BillofRights.htm>

B. Lekòl yo, biwo yo dwe afiche, yon kote vizib oswa pre antre prensipal lekòl la, yon ansèy ki ekri nan chak lang natifnatal pou ki nou ofri sèvis yo oswa pou lang ke nou ofri sèvis paske gen plis elèv ki pale yo, pou endike disponiblite sèvis entèpretasyon. Nou mete afich tou tradwi adispozisyon w nan lang nou ofri sèvis yo sou: <http://schools.nyc.gov/Offices/Translation/TipsandResources/Default.htm>

C. Plan pou sekirite chak lekòl pral gen ladan l pwosedi pou garanti paran yo sèvis pou ede yo kominike nan yon lòt lang, pou yo pa anpeche yo vin nan direksyon lekòl la lè yo bezwen poutèt difikilte yo genyen pou kominike.

D. Chak lekòl kote paran plis pase 10 % elèv yo pale yon lang natifnatal ki pa angle oswa youn nan lang pou ki nou ofri sèvis yo, dwe mande Biwo Entèpretasyon ak Tradiksyon pou bay yo yon tradiksyon avi a ak fòm nesèsè nan lang sa a pou aplike rekòmandasyon Seksyon Règleman sa a, epi chak lekòl dwe afiche e founi fòm sa a konfòmeman a Seksyon sa a.



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV YO  
Osijè : Tradiksyon

Nimewo : **A-663**  
Paj : 4 - 4  
Pibliye : 2 NOVANM 2007

- E. Sit wèb Depatman Edikasyon an pral ofri enfòmasyon sou dwa paran yo genyen pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon, epi sou jan pou yo jwenn sèvis sa yo nan lang natifnatal pou ki nou ofri sèvis yo.

## **VIII. PWOSEDI POU MANDE SÈVIS POU EDE KOMINIKE NAN YON LÒT LANG**

- A. Lekòl yo ak biwo DOE yo dwe swiv pwosedi ki dekri sou sit wèb Biwo Tradiksyon ak Entèpretasyon an pou yo ka satisfè kondisyon pou jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon dapre Règleman sa a.
- B. Paran ki vle pou yo bay yo sèvis pou ede yo kominike nan yon lòt lang dwe kontakte biwo rejyonal lekòl pitit yo a oswa lekòl pitit yo ye a.
- C. Si w vle poze kesyon pou w konnen kòman pou w jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon, ou dwe kontakte Biwo Tradiksyon ak Entèpretasyon an.

## **IX. OBLIGASYON POU FÈ RAPÒ SOU SÈVIS NOU OFRI YO**

- A. Biwo Tradiksyon ak Entèpretasyon an dwe konsève dosye tout sèvis li ofri pou l ede moun kominike nan yon lòt lang, tankou, men se pa sèlman sa :
- Kantite dokiman li tradwi nan lang pou ki nou ofri sèvis yo, e tip dokiman anjeneral li tradwi;
  - Kantite reyinyon kote li founi sèvis entèpretasyon, e nan ki lang li founi sèvis sa yo;
  - Bidjè anyèl pou sèvis li ofri pou ede moun kominike nan yon lòt lang;
  - Kantite anplwaye nan Depatman an k ap travay plen tan pou founi sèvis pou ede moun kominike nan yon lòt lang; e
  - Konbyen fwa yo founi sèvis entèpretasyon pa telefòn, e nan ki lang yo te ofri sèvis sa yo.

## **X. SI W BEZWEN MANDE PLIS RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon sou jan pou w jwenn sèvis sa yo, ou dwe kontakte :

Nimewo Telefòn :  
(718) 752-7373

*Translation and Interpretation Unit*  
NYC Department of Education  
45-18 Court Square - 2nd Floor  
Long Island City, New York 11101  
Imèl : [Translations@schools.nyc.gov](mailto:Translations@schools.nyc.gov)  
<http://schools.nyc.gov/Offices/Translation>

Nimewo Faks :  
(718) 752-7390